# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण–गीडा के 45वें स्थापना दिवस समारोह में बतौर मुख्य अतिथि हिस्सा लिहलें। एह दौरान उहां के गीडा के 85 उद्यमियन के भू–खण्ड आवंटन पत्र दिहलें अउर दू सौ करोड़ रूपिया क परियोजना क सिलान्यास अउर लोकार्पण कइलीं। उहां के दू दिवसी ट्रेड–शो क सुभारंभों कइलीं अउर कहलीं कि गीडा क लैंड बैंक बढावल जा रहल हौ जेहसे अधिक से अधिक उद्योग ईहां लगि सके अउर उद्योगपति सुविधा अउर सुरक्षा के साथे आपन उद्योग स्थापित कइ सकें। उहां कहलीं कि प्रदेस में निवेस क झड़ी लगल हौ। देस के कई उद्योगपति प्रदेस में आपन औद्योगिक यूनिट लगावे बदे प्रेरित भइल हवें।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु एक दिवसीय दौरा पर बनारस में निर्माण परियोजनन क निरिक्षण कइलें अउर पीडब्लूडी आ सेतु निगम के इंजीनियर लोगिन के युद्ध स्तर पर अभियान चला के जल्दी से जल्दी काम पूरा करउलें क निरदेस दिहलें। उहां के बनारस के मझोदरी में कम्पोजिट विद्यालय क निरीक्षण कइलीं अउर विद्यार्थियन के दिहल जा रहल सुविधा क जनकारी लिहलीं।

**********

केन्द्र सरकार कहले हौ कि सार्वभौमिक टीकाकरण कार्यक्रम के तहत 7 करोड़ 43 लाख लाभार्थियन के पंजीकृत कइल गइल हौ। येह में गर्भवती महिला अउर सोलह बरिस तक के लइकन के बारह घातक बीमारियन के रोकथाम क टीका दिहल जाला। लोकसभा में एगो लिखित जवाब में केन्द्रिय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्यमंत्री अनुप्रिया पटेल बतउलिंन कि मोबाईल एप यू–विन टीकाकरण सेवा क पहुंच अउर जागरूकता में सुधार कइलें हौ। यू–विन में टीकाकरण सेवा क पहुंच कभी भी–कहीं भी, आयुष्मान भारत हेल्थ एकाउंट–आभा अउर क्यू–आर आधारित ई–टीकारण प्रमाणपत्र जइसन सुविधा दिहल गइल हौ।

**********

केन्द्र सरकार बतउलें हौ कि 25 नवंबर ले आयुष्मान भारत–प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना के तहत 70 बरिस आ ओसे बेसी बुजुर्गन के तकरीबन 14 लाख आयुष्मान वय वंदनकार्ड जारी कइल गइल हौ। स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्यमंत्री प्रताप राव जाधव काल्हि लोकसभा में लिखित उत्तर में ई जनकारी दिहलें ।

**********

बनारस के इरी सेन्टर में 13वां राष्ट्रीय बीज कग्रेस क तीनि दिवसिय आयोजन आजु पूरा हो गइल। बीज क्षेत्र में क्षेत्रिय सहयोग साझेदारी अउर ज्ञान का आदान–प्रदान विषय पर येह बीज कंग्रेस में जलवायु अनुकूलन बीज, नई बीज तकनीक आ टिकाउ कृषि पर चर्चा बदे कई तकनीकि सत्र आयोजित कइल गइल। समापन समारोह में प्रदेस के कृषि विपणन मंत्री दिनेश प्रताप सिंह कृषि वैज्ञानिकन से प्रदेस में बीज क्षेत्र के मजबूत कइले पर अउर बीज संवर्धन पर चर्चा कइलें उहां के बीज संवर्धन क जनकारी किसानन के दिहले पर जोर देहलीं। बीज कंग्रेस क आयोजन कृषि एवं किसान कल्याण मंत्रालय, राष्ट्रीय बीज अनुसंधान अउर अंतरराष्ट्रीय धान अनुसंधान संस्थान के सहजोग से कइल गइल।

**********

दीनदयाल उपाध्याय गोररखपुर विश्वविद्यालय क सिक्षा सास्त्र विभाग क पूर्व अधिष्ठाता प्रोफेसर शोभा गौंड़ के मिर्जापुर में नव स्थापित मॉ विंध्यवासिनी विश्वविद्यालय क पहिला कुलपति बनावल गइल हौ। सिक्षा विभाग क प्रमुख सचिव एमपी अग्रवाल, प्रोफेसर गौंड़ क तयनाती क आदेश राजभवन के मंजूरी से जारी कइलें।

**********

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ काल्हि एक दिन के दौरा पर कानपुर अइहें। ऊ सहर के सेठ आनंदराम जयपुरिया स्कूल के स्वर्ण जयंती समारोह में सामिल होइहें अउर आईआईटी–कानपुरो के दौरा करिहें। उप राष्ट्रपति विद्यार्थियन अउरी सिक्षकन के संबोधितों करिहें।

**********

श्रावस्ती में राष्ट्रीय राजमार्ग 730 पर मोहनीपुर जमुनहा के लग्गे आजु एगो तीन पहिया अउर चार पहिया वाहन टकराके खाई में गिरले से पांच लोगिन क मउति हो गइल जबकि सात जने गंम्हिारे घाही हो गइलें। पुलिस सूत्र बतउलें कि घायल के मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सड़क हादसा में जन हानि पर दुख जतावति सोक संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतउलें हवें। सथहीं घायल के समुचित ईलाज के निरदेस दिहलें ।

**********

लखनऊ में सैय्यद मोदी अंतरराष्ट्रीय बैडमिंटन टूर्नामेंट के महिला सिंग्लस में पीवी सिंधु फाईनल में पहुंच गइल हइनि। अंतिम चारि के मोकाबला में सिंधु उन्नति हड्डा के हरवलिन। मिक्स डब्लस में ध्रुव कपिला अउर तनिषा क्रेस्टो फाईनल में पहुंचि गइल हइनि।

**********